ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№72 (21.480) ●2009 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 16, махуэку● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, къэрал социальнэ страховании и Iнатlэм екъуlэдыкlыжьыным и Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэр кьудамэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэр кьуднэмкlэ и фондым и щIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэр зэрыщIэнымкlэ и кьудамэ №1-м и унафэщIым

Шибко Алэр Василий и пхъум - Къэрал Iуэхущlапlэм - Урысей Федерацэм социальнэ страховании и фондым и щIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм хозяйствэ Iуэхуэмкlэ и гупым янэ разрядэ зиlэ и Iэщlагъэлl нэхъыжьым,

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щIыхьэм социальнэ дзэпкъыгъуэмрэ стырымкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакlуэ» ***щIэ лъапlэр фIыщыр***

Бэрокъуэ Ахьмэд Хьэрэбий и кьуэм - Къэрал Iуэхущlапlэм - Урысей Федерацэм социальнэ страховании и фондым и щIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и кьудэм.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м
№47-УП

Пашэхэр гъэгушхуэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м №39-РП

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и хэхакlуэ системэр зэтегъэуцужырэр зегъэужьыныкlэ яIэ фIыщIэм папщIэ икlи ар кьыхэзыгъэгъэнэпхъ илъэ 15 зэрырикъум кьыхэкlыу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым кьыбгъдэкlыу фIыщIэ яхуэщIыж:

Битокъу Рашид Сэ́ндиев и кьуэм - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и деж щыIэ къэпщытакlуэ-ревизэ кьулыкъым и лэжьакlуэм

Жангуразовэ Зое Къубадий и пхъум - Налшык къалэ округым и участкэ хэхакlуэ комиссэ №100-м и унафэщIым

Тау Бесльэн Хьусен и кьуэм - Налшык къалэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм хэтым.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 26-м кьыдигъэкlа Унафэ №62-ПП-м зэхьэзыкlныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м №103-ПП

Нэхъыжьхъэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIа республикэпсо щэбэт щIыхьхэр щрагъэкlуэкlыну махуэр ягъэIэпэхьуэну цIыху куэд кьыздэплъэIуэм кьыхэкlыу, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIа республикэпсо щэбэт щIыхьхэку егъэкlуэкlыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 26-м кьыдигъэкlа Унафэ №62-ПП-м и пункт 1-м зэхьэзыкlныгъэ хэлъхьэн икlи абы хэт «2009 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м» псальэхэр зэхьэзыкlын «2009 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м» жиIэу.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ЯРИН Андрей

● ЩIДАА

Бэчыжь Лейлэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий дипломыр иретыж.

ЩIэныгъэлIхэр зочэнджэщ

ЩIэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым хэтхэм я зи чэзу зэIуIуэ зэхьэзыкlыным и Налшык щIыналъэ щIыхь хэтащ ЩIДАА-м и Президент Нэхущ Iэдэм, вице-президентхэу Бэчыжь Лейлэ, Хьэфыщlэ Мухьэмэд, Бырсыр Батырбий, щIэныгъэ секретарь нэхьыщхьэ Тхьэзэпль Хьэсэн, Къэрэшей-Щэрджес, Адыгэ Республикэхэм, Краснодар краймрэ щыщ академикхэр.

ЗЭIУЩIЭР кьыззэIуихри, Нэхущ Iэдэм кьыззэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащи зытепсэльыхьыжу Iуэхугъуэхэм. Лэжьэм щIамыдзэ щыкlэ, щIэныгъэлIхэр екъуэхьуащ ЩIДАА-м и япэ вице-президент, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкlэ Адыгэ щIэныгъэ институтым и унафэщI, зи ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 70 ирикъуэ **Бырсыр Батырбий** . Апхуэдизыр ЩIДАА-м и академикым и дипломыр иратыжащ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балкъэр щIэныгъэ институтым и унафэщI **Бгъэжьнокъуэ Барэсбий.**

Япэу псалъэ зрата академик **Кьуцхьэ Хьэсбий** убгъуауэ тепсэльыхьащ ЩIДАА-м химие щIэныгъэхэмкlэ и кьудамэр КъБР-м, КъШР-м, АР-м щыIэ предприятэхэм зэрадэлажьэм. Кьуэш республикитIым щылажьэ Iуэхущlапlэхэм иджыри тэмэму зыпамышIэфами, «Тэрч-Налмэс», «Гидрометаллургпредприятэхэмрэ езыр зи унафэщI гупымрэ ирагъэкlуэкlу лэжьыгъэхэр зэпкърихащ Кьущхьэм.

ЩIДАА-м и нэIэ щIэт «Адыгэ щIэнгъуаз» институтыр дызэрыт зэманым зэлэжьым кьызэхуэсахэм зэрыгъэпсэльыхьащ абы и директор **Хьэфыщlэ Мухьэмэд.**

- Ди пщэ дэлъ кьалэнхэм ящыщу мэхъаз ящIэнрэ ящIэнрэ, зыщIэр хьэныр кьэнэжа щIэкlым. 2009 гъэм, академием и илъэс зэхуэсыщхъэм, ирихьэлIэу кьыдздгъэкlыну ди мурадщ. Урыс-Кавказ зауэр зэрихьэрэ илъэси 145-рэ щрикъум ирихьэлIэу, накьыгъэ мазэм дунейм кьытехьэнчу зэхэхс адыгэхэм ящыщ цIыху щIэрыIуэу 100-м ятеуухуа тхьигъэхэр зэрыт тхьылъыр, - жиIащ Хьэфыщlэм.

Апхуэдизу Мухьэмэд кьыхирэгъащ «Адыгэхэр» щIэнгъуаз» псалъалъэр, сурэт мини 3-м нэблагъэ зэрыгтыр, хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу усакlуэхэм, прозаикхэм я Iэдакьщlэкl хэхахэр щыIэхуэхьэса «Хуитынбгъэм и жэщ» сборникыр, дунейпсо литературэм и классик, тырку прозаик Омер Сейфеддин (Хьэткъуэ Умар) и Iэдакьэ щыщlэкlа тхьигъэхэр зэрыт тхьылъыр, нэгъэущlхэри кьыдгъэкlыну зэрамурадыр.

Псальэмакъым кьыпищIэу **Нэхущ Iэдэм** жиIащ «ЩIэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ академием и докладхэр», «Образование. Наука. Творчество» журналхэр и чэзум кьызэрыдэжьыр, ахэр Урысейм и мызакъуэу, дуней псом зэIэпах зэрэхьуар.

Накьыгъэм и 17 - 22 махуэхэм Iуащхьэмахуэ льапlэ Математикэмкlэ урысей-абхъаз симпозиум зэрыщIекlуэкlынум теухуауэ кьэпсэльащ ЩIДАА-м и член-корреспондент **Псхьу Арсен** Симпозиумым хэтынущ Урысейм, Абхъазым, Украинэм, Тыркум, нэгъуащI кьэрал куэдым кьикlа щIэныгъэлIэ 200-м нэблагъэ.

Тхьэзэпль Хьэсэнрэ Щоджэн Iэсхьэдрэ щIэныгъэлIхэм зкраIащ Абхъазым ЩIэныгъэхэмкlэ и академиемрэ ЩIДАА-мрэ зэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэн хуейр, льэныкьуитIри арэзыуэ я Iуэхум и проект зэрызэхальхьар.

Адэжь щIэныгъэлIхэр зэчэнджэщащ щIэныгъэ конференцэхэр кьызэрызэрагъэпэщынымкlэ, ЩIДАА-м хэтхэм я зи чэзу зэIуIуэ щIагъэкlуэкlынымкlэ, абы кьыщIэтыну Iуэхугъуэхэмкlэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **Кьарей Элинэ** *трихащ.*

Япэ кIуэгъуэр Правительствэм и Унафэщlым лъагъэс

ШахматымкIэ Гран-при зэхьэзэхуэм и епIанэ Iыхьэм дыгъуасэ щыщIидзащ «Синдикэ» интурхьэщIэщым.

ШАХМАТИСТХЭР я пIэ иэзгъа нэужь, судья нэхъыщхьэ Намруев Вячеслав къызэхуэсахэм хьыбар яригъэщIащ зэхьэзэхуэр къызэрызэIуахамкlэ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм кьикlа Камский Гатэрэ мэкэр Леко Петеррэ я зэпеуэм и япэ кIуэгъуэр лъагъэсащ зэхьэзэхуэр кьыщызэIуахым кьрихьэлIа, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Ярин Андрей (сурэтым).

Мыгувэу журналистхэмрэ хьэщIэхэмрэ пэшым кьыщIагъэкIыжри, шахмат зэIуIэхэм пащащ. Япэ джэгугъуэм пхъэидзэм щызэрищэлIащ: Аронян Левон (Армение) - Мамедьяров Шахрияр (Азербайджан), Касымджанов Рустам (Узбекистан) - Акопян Владимир (Армение), Ельянов Павел (Украинэ) - Карякин Сергей (Украинэ), Гельфанд Борис (Израиль) - Грищук Александр (Урысей Федерацэ), Свидлер Пётр (Урысей Федерацэ) - Алексеев Евгений (Урысей Федерацэ), Бакро Этьен (Франджы) - Иванчук Василий (Украинэ).

Зэпеуэр зэрекIуэкIыр Интернетым занщIэу кьралъхьэ икlи дунейм и дэнэ щIыпIи щыпсэухэр абы кlэлъыплъыфыныщ. Абы кьыдэкIуэу, интурхьэщIэщым и актовэ залым щIэс хьэщIэхэрэ журналистхэмрэ зэдэджэгухэм я Iуэху зыIутым щыгъуазэ ещI комментатор цIэрыIуэ, гроссмейстер Спасский Борис.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Сурэтыр **Кьарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Губгъуэ лэжьыгъэхэр щIохуабжьэ

Къэбэрдей-Балкъэрым и агропромышленнэ комплексым иужь зэманым псынщIэу зеужь. Гулыитэ хэха хуащI мэкъумэшыщIэхэр иджырей техникэмкlэ кьызэгъэпэщыным, технологиещIэхэр кьэгъэсэбэпным. Абы теухуауэ щытащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым и нужьрей зэIуIэм зыщыхэплъа Iуэхур. Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр республикэм зэрыщекIуэкlым депутатхэр щыгъэгъуэзэнымкlэ жэрдэмыр кьызыбгъэдэкlар Аграрнэ политикэмрэ щы Iуэхуэхэмкlэ комитетырщ.

ДЫЗЭРЫТ гъатхэм губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрекlуэкlым зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкlэ и министр **Ерчэн Темболэт**. Доклад зыщIыр япэ щыкlэ кьытеувыIащ республикэм и агропромышленнэ комплексым и лэжьакlуэхэм блэкlа илъэсым зэфIагъэкIахэм. Нэгъабэ республикэм мэкъумэш продукцэу сом мелард 19,5-рэ и уасэ е 2007 гъэм ельытауэ проценти 114-кlэ нэхъыбэ кьыщалэжьащ. Кьуажэдэсхэм сэхэрану, тонн мин 34,2-рэ, кlэрIофу тонн мини 192-рэ, хадэхэкlыу тонн мин 296,5-рэ кьрахьэлIащ, Iэщрэ джэдкъазу ягъэшхар зэрыпсэууэ тонн мин 59-м щIигъащ, гъэшу тонн мин 312-рэ кьашащ, джэдыкlэу мелуани 151,6-рэ кьрахащ. Мэкъумэшхэкlэм елэжь промышленностми нэрылъагъу зиужьащ. А Iнатlэм и продукцэм и уасэр псори зэхэту сом мелардиз 6-м щIегъу, нэгъэущlу жыIпIэмэ, 2007 гъэм ельытауэ хуэдэ 1,5-кlэ нэхъыбэщ.

Мы зэманым республикэм и губгъуэхэм гъатхэ лэжьыгъэхэр щIэгъэзэхуэбжьауэ щрагъэкlуэкl. Нобэм ирихьэлIэу гъатхэсэ кьэкlыгъэхэр гектар мин 35-м щыхасащ, бжьыхьэсэ кьэкlыгъэхэм ящыщу гектар мин 32-рэ ягъэпэщращ, гектар мини 7-м тет кьэкlыгъэхэм узыфэхэр кьемыуэлIэн гъэшIагъэ зыхуеину хущIхьуэхэр трагъащ. Пlуэсым зэрыщIидзэрэ минеральнэ щыгъэпшэру республикэм кьыIэрихьар тонн мин 14-м щIегъу. Ахэр иджыри зэпамыгъэзууэ кьащэ икlи псори зэхэту мэкъумэшыщIэхэм щыгъэпшэру кьаIэрихьэнущ тонн мин 50-м нэблагъэ. Апхуэдэу щыт пэтми, а бжьыгъэр республикэм и мэкъумэш хозяйствэр зыхуэныкъуэм и зэхуэдитI хьууэ аращ. Мэкъумэш Iнатlэр нэсу щыгъэпшэрхэмкlэ кьыззрагъэпэщын папщIэ, мы Iуэхум кьэралыр кьыхэмыхьэу хъунукъым.

Доклад зыщIам зэрыжиIамкlэ, республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкlэ и министерствэр щэсыпIэ зэрихьам кьыпэкlуэу органо-минерал щыгъэпшэру куэд мэкъумэшыщIэхэм кьаIэрихьащ. Абыхэм я уасэр щратыжынкlэ гъавэщIэр кьрахьэлIэжа нэужьщ. НэгъуэщIу жыIпIэмэ, ар процентклэахъшэ зыщIхьэщамытыкIыну кредиту кьыхуаутIыпщащ. «Мы Iуэхум сэбэпынагъыншхуэ кьет, зэкlэкъуаща щIигъэпшэрхэр гъавэ зытет щIыуэ гектар мин 12-м щIигъум хурикъунущ», - кьыхигъэщхьэхукlащ Ерчэн Темболэт.

МэкъумэшыщIэхэр техникэкlэ кьызэрызэгъэпэщам и гугъу щищIам, министрым зэрыжиIамкlэ, иджыпсту ди губгъуэхэм кьыщагъэсэбэп трактору 3236-рэ, пхъэIэщуэ 1142-рэ, культиватору 942-рэ, жылаз машинэу 786-рэ. КъБР-м и Президентым и унафэкlэ гъэIуIуам и щэкlуэгъуэ маэзм «Кьэбалъкъаргролизинг» ОАО-м кьыщызэрагъэпэщащ кьуажэдэсхэм Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр яхуэзыщIэ машинэ-технологие станц, МТС-м и кьудамэ кьыщызэIуах Дзэлыкьуэ муниципальнэ районми.

- Кlэщу жыIпIэмэ, гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр и зэманым республикэм щызэфIагъэкlын папщIэ, зыхуеину техникэр ирикъуу щыIэщ, - кьигъэлъэгъуащ доклад зыщIам.

Министрым зэрыжиIамкlэ, республикэм дизель гъэсыныпхъэу тонн мини 9 нэхърэ мынэхъ машIэ кьрагъэшэну хуахащ, губгъуэ лэжьыгъэхэр тэмэму зэфIагъэкlын папщIэ, ар яхурикъунущ. Апхуэдизу мэкъумэшыщIэхэм минеральнэ щыгъэпшэрхэр кьызэращэхум, мэкъумэш кьэкlыгъэхэм я страховании зэрырагъэкlуэкlым пэкlуэ ахъшэм щыщ Iыхьэ яхуэпшынысыным, элитэ жылапхъэхэр зыгъэкlхэм защIэгъэкъуэным трагъэкlуэдэн папщIэ, кьэралыр сом мелуан 80-м щIигъукlэ кьыддэIэпыкъунущ. Абы кьыдэкlуэу, блэкlа илъэсхэми хуэдэу, зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэр ирагъэкlуэкlын папщIэ, зэман кlэщIым тещIыхьауэ кьыIаха кредитхэм процентклэ щхьэщатыкlым щыщ Iыхьэ кьратыжынущ. Апхуэдизу кредиту «Урысей мэкъумэш» ОАО-м и Къэбэрдей-Балкъэр щыналъэ кьудамэм нобэм кьэс сом мелуани 120-рэ итащ. Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр ирагъэкlуэкlын папщIэ, псори зэхэту сом мелуан 300-м щIигъу кьызэщIагъэуIуэну я мурадщ.

- Дызэрыт ильэсми рес-



Гъэзгу насыпныщагъэхэм зыщахъумэ

АДЫГЕЙ. ***Федеральнэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэзгуих Адыгейм и щIыналъэм ихроиI. Гъэмахуэ зыгъэпсэхутэгъуэм абы щыгъэкlуэ щIыхуэхэм я бжьыгъэм хэпщIыкlыну хохьуэ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, а зэманым приходIэу гъэзгу насыпныщагъэхэрри нэхъыбэ мэхъу.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Президент ТхьэкlУшынэ Аслъэнджэрий и лъэпкlэ, гъэзгуэхэм кьыщыхъу насыпныщагъэхэм фэбжь хэзых щIыхуэхэм ират медицинэ дэIэпыкъунгъэр егъэфIэкlуэныкlэ федерал программэм Адыгейр хагъэхьащ. Абы и фIыгъэкlэ, дызэрыт ильэсым щIыналъэм сом мелуан 65,5-рэ кьыхуаутIыпщыщ. Абы щыщу мелуан 52-р хуахахьауэ зэрихьэрэ илъэси 145-рэ щрикъум ирихьэлIэу, накьыгъэ мазэм дунейм кьытехьэнчу зэхэхс адыгэхэм ящыщ цIыху щIэрыIуэу 100-м ятеуухуа тхьигъэхэр зэрыт тхьылъыр, - жиIащ Хьэфыщlэм.

Апхуэдизу Мухьэмэд кьыхирэгъащ «Адыгэхэр» щIэнгъуаз» псалъалъэр, сурэт мини 3-м нэблагъэ зэрыгтыр, хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу усакlуэхэм, прозаикхэм я Iэдакьщlэкl хэхахэр щыIэхуэхьэса «Хуитынбгъэм и жэщ» сборникыр, дунейпсо литературэм и классик, тырку прозаик Омер Сейфеддин (Хьэткъуэ Умар) и Iэдакьэ щыщlэкlа тхьигъэхэр зэрыт тхьылъыр, нэгъэущlхэри кьыдгъэкlыну зэрамурадыр.

Псальэмакъым кьыпищIэу **Нэхущ Iэдэм** жиIащ «ЩIэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ академием и докладхэр», «Образование. Наука. Творчество» журналхэр и чэзум кьызэрыдэжьыр, ахэр Урысейм и мызакъуэу, дуней псом зэIэпах зэрэхьуар.

Накьыгъэм и 17 - 22 махуэхэм Iуащхьэмахуэ льапlэ Математикэмкlэ урысей-абхъаз симпозиум зэрыщекlуэкlынум теухуауэ кьэпсэльащ ЩIДАА-м и член-корреспондент **Псхьу Арсен** Симпозиумым хэтынущ Урысейм, Абхъазым, Украинэм, Тыркум, нэгъуащI кьэрал куэдым кьикlа щIэныгъэлIэ 200-м нэблагъэ.

Тхьэзэпль Хьэсэнрэ Щоджэн Iэсхьэдрэ щIэныгъэлIхэм зкраIащ Абхъазым ЩIэныгъэхэмкlэ и академиемрэ ЩIДАА-мрэ зэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэн хуейр, льэныкьуитIри арэзыуэ я Iуэхум и проект зэрызэхальхьар.

Адэжь щIэныгъэлIхэр зэчэнджэщащ щIэныгъэ конференцэхэр кьызэрызэрагъэпэщынымкlэ, ЩIДАА-м хэтхэм я зи чэзу зэIуIуэ щIагъэкlуэкlынымкlэ, абы кьыщIэтыну Iуэхугъуэхэмкlэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **Кьарей Элинэ** *трихащ.*



Нэхъыбэ мэхъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ, министр Тхьэкъуахъуэ Мурат иджыблагъэ зэрыжиIамкlэ, республикэм лэжьапIэшхэхэм я бжьыгъэ мини 8-м ныдэрохьэс.*** Тхьэкъуахъуэ Мурат кьызэрилъытэмкlэ, абы и щхьэусыгъуэр лэжьапIэншэу зезыгъэтахэм ират ахъшэ пособиер нэхъыбэ зэрыхъарщ, нэхъапэм зэи мылэжьаxэр дунейм «кьызэрытехьарщ».

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Тыркум и лЫкIуэ?

Дагыстаным и ФСБ-м хьыбар кьызэритымкlэ, абы щыкlащ теракт зыгъэхъэзыр щIэпхьаджанIэу щы. Абыхэм ящыщ зыр «Аль-Кайдэ» и кьудамэу Тыркум щыIэм и лЫкIуэу кьыщIэкlащ.

ЩIэпхьаджанIэхэр зэрыс автомашинэр кьагъэувыIэну щыхуеижьм, ахэр Iэщэкlэ кьаэхуащI ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм. Зэхэуэр яублэри, автомашинэм исахэр хэкIуэдащ. Автомобилым кьыщагъуэтащ Iэщэ зэмылIэужьыгъуэ куэд.

Яуклаэхэм щыщу тIур Дагыстаным щопсэу, зым Кьыкъуахащ Тыркум и гражданствэ зэриIэр къэзыгъэлъагъэ щыхьэт тхьылъэр.

Зауэм хуэкIуэрэ?

Курдым пэкlу кьыщыщIэзыгъэпэщахэм ящыщ гуп щаубгъэжащ президент Саакашвили Михаил щылажьэ унэм пэгъунэгъу.

Абыхэм зэрыжаIамкlэ, хьатыуар МВД-м и лэжьакIуэхэращ. Дауи, ар зэран зэхуэсыжьыным Саакашвили и лэжьапIэр къэзыувыIэжауэ пIалъэншэу пэкlу езыгъэкlуэкlэм я Iуэхум.

ЩIыхупIэ уIэгъэщ

Тагил Инхъэрэ щыIэ «Уралхимпласт» заводым кьыщагъэсэбэп ткIуаткIуэр щызэхальхьэм дежьакlуэ щIыхупIэ ирагъэщащ.

ЦIыхупIэ уIэгъэ хьуащ. Свердловск областым и Следственнэ Iуэхущlапlэхэм хьэхуам и пэжыпIэр зэхагъэкI.



◆ 1934 гъэм СССР-м и ЦИК-м игъуват Хэкум и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Совет Союзым и Лыхъужь цIэ лъапIэр.

◆1879 гъэм Уэсмэн тепщэгъуэр зыщхьэщыха нэужь, Болгариим и Лъэпкъ собранэм кьиштащ яп Конституцэр. Арауп иджырей Болгариим кьэралыгъуэр ящхьэхуэным лъабжьэ хуэхъуар. А махуэр кьэралым ноби щагъэлъапIэ.

◆Мэлыжьыхьым и 16 - 18-хэм Гаагэ (Нидерландхэм) щекIуэкlынущ Европэм и сенатхэм я Ассоциацэм и XI зэIуIэр.

◆Мэлыжьыхьым и 16 - 24-хэм Венэ (Австрие) щызэхэтынущ ЩIэпхьаджанIэ зэхьэзыкlуэныкlэ комиссэм и 18-нэ сессиер.

◆ Мэлыжьыхьым и 16 - накьыгъэм и 13-хэм Индием щекIуэкlынущ парламентым и депутатхэр хэхьныж хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр.

◆Мэлыжьыхьым и 16 - 18-хэм Пятигорск (Псыхуабэ) щекIуэкlынущ «Югстроймаркет-2009» зыфIащa, Урысейм и Ипщэ щIыналъэхэм я хуэдэ кlуэхэм я 10-нэ зэхьыхь.

◆1905 гъэм кьызэрагъэпэщащ Урысейм и яп профсоюзыр - печатым и лэжьакIуэхэм я профсоюзыр.

◆1920 гъэм кьызэрагъэпэщащ цIыхубэ милицэм и Налшык Iуэхущlапlэр.

◆ Бэз щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Тучанинов Г.Ф.** кьущылъхуа махуэщ (1902 - 1989). Абы адыгэбзэри, Кавказым и изгъэущI лъэпкъхэм я бзэхэри кууэ иджат. 1939 - 1941, 1947 - 1950 гъэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ щIэныгъэджащ. Ленинград университетым и бзэ щIэныгъэ кьудамэм. Адыгэбзэм и грамматикэм теухуауэ лэжьыгъэ куэд иIэщ.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэт 6-р дакьикъ 23-м, кьухьэжынущ сыхьэт 19-р дакьикъ 49-м.**

◆**Нахуэм и кlыхьагъэ сыхьэт 13-р дакьикъ 26-р.**

Нэхъапэр лъагъэхьэрар **ГУЪЩIО Зарифи.**

● Лэскэн куэй

Махуэ къэс даш

Анзорей къуажэ администрацэм и унафэщI Къэжэр Светланэ дыззэрыщIагъэгъуэзамкlэ, щIыпIэхэр гъэжьхьэбзэным, зэIуIэпэщ щIыным теухуауэ мы махуэхэм лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкI.

А IУЭХУМ жыджэру хэтщ жылэм дэт Iуэхущlапlэ псори: пщIанпIэхэр, бжьIупэхэр зэлъыIуах, ягъэдахэ. Лениным, Щынахъуэм, Хьэмгъуокъум я цIэкlэ щыIэ Iуэрамхэм пхъэнкlий идзыпIэу 76-рэ щагъэувауэ, абыхэм щызэхуахьэсэхэр махуэ къэс даш, адрейхэри зэман пыухыкlам тету ирагъэкъабзэ.

- Анзорей жылагъуэм и зэIуIэпэщагъэм кlэлъыплъ муниципальнэ предприятэ илъэс и пэкlэ кьызэдгъэпэщащ, - жиIэ Къэжэр Светэ. - Абы кьалэныщхуэ ягъэзащIэ. Гупыр щIыуэ 13 мэхъури, зэгурыIуэу Iуэхур ягъэтI. Гъатхэпэм и 25 льандэрэ мы лэжьыгъэм пщIэкlэ кьыхьдоцэ щIыхуэхэр Iэнатlэкlэ кьызззыгъэпэщ центрым зыщезыгъэтхэхэр. Ахэри щIэгъэкъуэныщхуэ кьытхуохъу. Абыхэм гъэгъуэ нэхъыщхьэхэм ирикlуэ жыгъэр тэмэму яухъуэнщIащ, Лэскэн псым и Iуфэхэр, бжьэпэхэр, хьупIэхэр арэзы укьищIу ягъэкьабзэ.

Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ екlуэныну республикэпсо щэбэт щIыхьэхэм ди цIыхухэр жыджэру хэтынущ. А махуэм зэфIэдгъэкlынухэр зэгъуэгу дубзыхуащ - губгъуэ лэжьыгъэхэм зэуIуу пащэнущ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэепль сынэм дакlэльыпIъыжьынущ. Еджакlуэхэри Iуэхум кьыхэтшэнурэ, Гъэзгу нэхъыщхьэм ирикlуэ жыгъэм сэху иредгъэтынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хьэщlапlэ ущыIэмэ, кьыпхуащI уи унафэщ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Зрамыпэс ІэнатІэхэм хощІ

●Кризисым и Іэужьхэр

Мэзкуу и автопарк хэм и джыпцту щылажьэхэм я нэхъыбэр кьадашхьэм щыпсэуэрэщ. Куэд щІакъым а ІэнатІэр, адрей куэдми хуэдэу, абыхэм зрамыпэсу зэрыщытрэ нкІи нэгъуэщІ щыпІэхэм кьыкІахэм кьанэ щІагъуэ щыпкІыІэу зэрапІэтъэр. Арщхьэкіэ дунейпсо экономикэ кризисым узыхэдэнур нэхъ мащІэ ещІ нкІи сом кьызыпэкІуэ дэтхэнэ зы лэжьыгъэмкІи убгъэдегъуэв.

ИУЖЬРЕЙ мазэхэм цІыхухэм я гупсысэм зихъуэжакІ. ЛЭжьыгъэм хэщІыпхьу, улахуэпхуэ кьызыпкІуэн, кьуныкъуэкІэ щыдэкІуэтенкІ ІэнатІэхэр кьалъыхъуэу щытамэ, иджы жылагъуэ транспортри зрагъэкІуэну, уэрамхэр кьапхъэнкІыну, Іуэхутхъэбзэ зэмылІэужьыгъуэ хэр ящІэну хьэзырэщ. Кьагурыіуэ хъуащ лэжьыгъэ Іей зэрыщымыІэр, упагъуэр зыхуеІ хуэгъэзэнкІр япэ зэрригъэщыпхъэр.

Кьалащхьэм и закъуэкъым апхуэдэ Іуэ хуГъуэхэр щекІуэкІыщ. Щыхухэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщыпкІмкІэ управленэм и унафэщІ Твердохлебовэ Наталье зэрыжиІэмкІэ, Магаданыр 2009 гъэм нэгъуэщ кьэрал кьыкІа лэжьакІуэхэр кьешэлІэныр процент 21-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ.

Воронеж областми гастарбайтерхэр а щІыпІэм щыпсэуэхэм ирагъэкІуэт. НэгъуэщІ кьэралхэм дяпэкІэ щІоупщІэ. Арщхьэкіэ абыхэм ухуэныгъэми, транспортми, мэкъумэш хозяйствэми улахуэу ираты хэпщыкІыІуэ щыкІэрагъэхуащ.

Гу зылъытапхъэ:

Нэгъуэщі кьэралхэм щІыщі цІыхуІэр гъэлІажьэныжкІэ Урысейм Европэм пашэныгъэр, дунейпсом етІанэ увыпІэр (Америкэм и Штат Зэгуэтхэм иужькІэ) щиІыгъщ. Ильэс кьэс Мэзкуу лэжьэну цІыху мелуанитІым щІигъу макІуэ. Официальнэу ІэнатІэ зыгъуэтыр мин 300-м нэскІым.

КАЛЛИОВ Ларисэ.
«Российская бизнес-газета».

Жэгъуэгъуэхэм. хъунщІакІуэхэм. лІыуІкІэм интернетым щагъуэтыкІуэ дэтхэнэ зыми теухуа хъыбар.

ФЩІЭНУ фыхуэй Пугачевэ Аллэ автомобиль дапщэ иІэми? Собчак Ксение зэгъэщІыхуну фыщІэхъуэпсрэ? ЗэхэвгъэкІыну ныбжьэгъу кьыфхуэхъуар хэтми е ипотекэ кьыщІыВамытам и щхьэусыгъуэр? Нэхъ тынш щыІэкъым. Ахъшэшхэ тумыгъэкІуадэу интернетым а псори щыбгъуэтынущ.

Хэт сыт хуэдэ хъыбар зыІэригъэхьэну хуейми Іуэхутхъэбзэ хуиущІэну хьэзыру иджыблагъэ сайт кьыкъуэкІащ. Ар Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щІэныгъэ щІэныгъэ ди хабзэхэм хуит ущІыкъым цІыху щхьэхуэхэм ятеухуа хъыбар щІэныгъэхэм ятеухуауэ хъыбар ущрихьІыкІмэ?

«Дыкьызэрыунэхуэр ильэсипщІ ирокъуры, абы и щІыхькІэ хэти ехьэлІа ди хъыбархэм пщІэншэу фыхэпІэну Іэмал фыдот!», - апхуэдэ электронэ тхыгъэхэр цІыхухэм хуэзэбграгъэх. Ахэр гущыІэкъым. Пэж дыдэу абыхэм зэхуахьэсыфащ куэдым ятеухуауэ адрейхэм ирагъэщІэну зыхуэмейуэ хъыбархэр. Федеральнэ щІыналІэ мыхьэнэ иІэу 5300-рэ зи базэм ильхэри щыІэщ. Редакцэм и лэжьакІуэхэм зэрыдгъэщІагъуэ нур дымыщІэу абы кьыщыдгъэтащ ди мобильнэ телефонхэм я номерхэр, паспортым кьыщыгъэльэгъуа тхыгъэхэр, кьытхэхъуамрэ тхэщІамрэ зэрыт декларацэхэр, налог ттам и куэдагъыр, хабзэхэм хуит уащІкъым цІыху щхьэхуэхэм ятеухуа хъыбар зэхуэхьэсыну.

«ХъыбарегъащІэ бизнесым» хэпщІахэм иужьрей ильэсхэм лъэбакъуэ ин ячащ. Ягъм ГИБДД-м е сотовэ операторхэм яІэщІэлъ хъыбархэр зыІыгъыбгъэхьэн папщІэ, радиобэзэрым ущылъыхьуэн, кьэпщІэхуэ дискыр кьызэрызэІупхын Іэмалхэр зэбгъэпэщын хуейт. Иджы интернетым ихьи зэфІэкІащ.

Зи гугъу тщІы американ сайтыр (рекламэ хуэдмыщІын щхьэкІэ и цІэр кьитІуэнкІын) зэрылажьэрэ ильэс хъуэу аращ, ауэ Урысей Федерацэм, СНГ-м хьихь къэралыгъуэхэм щыпсэуэхэм ятеухуауэ хъыбар меларди 5-6 зэхуиІэзэфащ. Апэм ди гъащІэр хамэм и Іэгум ирелъхьэ. Ди цІыхугъэхэм ящІыщ щым дымыщІэу абы кьыщыдгъэтащ ди мобильнэ телефонхэм я номерхэр, паспортым кьыщыгъэльэгъуа тхыгъэхэр, кьытхэхъуамрэ тхэщІамрэ зэрыт декларацэхэр, налог ттам и куэдагъыр, хабзэхэм хуит уащІкъым цІыху щхьэхуэхэм ятеухуа хъыбар зэхуэхьэсыну. Іэдэжи.

«ХъыбарегъащІэ бизнесым» хэпщІахэм иужьрей ильэсхэм лъэбакъуэ ин ячащ. Ягъм ГИБДД-м е сотовэ операторхэм яІэщІэлъ хъыбархэр зыІыгъыбгъэхьэн папщІэ, радиобэзэрым ущылъыхьуэн, кьэпщІэхуэ дискыр кьызэрызэІупхын Іэмалхэр зэбгъэпэщын хуейт. Иджы интернетым ихьи зэфІэкІащ.

Зи гугъу тщІы американ сайтыр (рекламэ хуэдмыщІын щхьэкІэ и цІэр кьитІуэнкІын) зэрылажьэрэ ильэс хъуэу аращ, ауэ Урысей Федерацэм, СНГ-м хьихь къэралыгъуэхэм щыпсэуэхэм ятеухуауэ хъыбар меларди 5-6 зэхуиІэзэфащ. Апэм ди гъащІэр хамэм и Іэгум ирелъхьэ. Ди цІыхугъэхэм ящІыщ щым

●Фысакъ

Интернетым щагъуэт дэтхэнэми теухуа хъыбар

гъым, интернетым щыІэ порнографиемэ добэн, ауэ цІыху щхьэхуэхэм ехьэлІа хъыбарыр зэбгрегъэхьыным дыпэщІэтыну ди кьалэнкъым, - къыдгуригъэІуащ «К» управленэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ Зубаревэ Иринэ. - Іуэхур нэхъ гугъуэ ещІ зи гугъу тщІы сайтыр США-м зэрейм. Абы и зэранкІэ ди хабзэхъумэхэм ар яхуэзэхуэщІкъым. Америкэм и Штат Зэгуэтхэращ а унафэр зыІэщІэрыр. А сайтыр кьызэрызэІуахьу дз абы хъыбар едгъэщІащ, зэхуищІыжыныр делъэуащ. Абы лъандэрэ ильэсым щІигъу дэкІами, Іуэхур зэрыщытщ.

Араущи, дэтхэнэ зы цІыхуми езым ельэлІа хъыбарыр щІэныгъэ хэІущІыІу зэрыфынущ. Абы щыгъуэми официальнэу Іуагъэкіныгъуэм я бжыгъэр нэхъ мащІэу Сбербанкым жеІэ - езыр-езыру лэжьапІэр къэзыгъэнэнухэри щыІэнущ.

- ПСОМ я пресс-гъэсэнкІэ щІэнущ иджыпстукІэ лэжьакІуэ зыІуэмыІ ІэнатІэхэр, - къыдгуригъэІуащ Сбербанкым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и Іэтащхьэ Кибинэ Ириня. - Дауи, езыр-езыру ІукІыжхэр, нэгъуэщІ лэжьапІэ увхэр, пенсэм кІуэхэр щыІэнущ.

Кризис лъэхъэнэм нэгъуэщІ лэжьапІэ уэзрыувыфыну щыкІэр Сбербанкым къыщыбгурагъаІуэркъым. Псалъэм къыдэкІуэу жыгІэнщи, 2009 гъэм ІэнатІэхэр зэрагъэмэщІэнур щІэдзапІэу аращ. Сбербанкым и мурадщ ильэситхум кьриубыдэу къэралым щиІэ и лэжьакІуэхэм и Іыхьэ пІанэр кІэриГъэхуну. АбыкІэ дапхуэдиз мылъку кьыдагъэхуэнуми, ар дэнэ яхьыну- дауи, кьыбжаІэркъым.

- А бжыгъэхэр диІэщ, ауэ хэІущІыІу тщІыркъым, - пещэ Кибинэ Ириня.

ЗэхуэхЫныгъэхэр ялъэІэсащ топ-менеджерхэми. Правленэм къыхагъэкІащ цІыхубгъу. Ауэ ахэр щІэтхьэусыхэм щыІэкъым. Банкым щаІыгъа къулыкъу лъагэхэр абыхэм къахуэнащ, правленэм зэрыхэмытыжым папщІэ къахэхъуэр тІэкІу нэхъ мащІэ хъуну араща. Фигу къэдгъэкІыжынщи, нэгъабэ Сбербанкым и топ-менеджер 23-м сом мелардым нэсяІэрыхьащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ - дэтхэнэ зыми сом мелуан 41-рэ.

Сыт Сбербанкым и лэжьакІуэхэр зэрригъэмащІэм къытхуихьынур? Абы и щхьэгъубжэм чэзуи пэнльэу щыт цІыхухэм я бжыгъэр нэхъыбэж хъуну ара?

БЕЛЯКОВ Евгений.
«Московскій комсомолец».

●УзыгъэпІейтей

Сбербанкым и лэжьакІуэ мин 27-рэ Іуагъэкі

Къэралым и банк нэхъ ин дыдэм ахьшэр зэрригъэзэхуэну мурад ищІащ. Ар кьыщыщІалъэгъ, дауи, лэжьакІуэхэм я дежщ. Иджыпсту Урысей Федерацэм и щІыпІэ псоми щыІэ Сбербанкым и куда-мэхэм цІыху мин 270-рэ щолажь. Абыхэм я процентищІыр Іуагъэкіныгъуэ. Мэзкуу нэхъыбэжу щыхэлІэбгъуэнущ. ЯгъэмэщІэнум и бжыгъэр процент 18-м нэсыфынущ. Абы щыгъуэми официальнэу Іуагъэкіныгъуэм я бжыгъэр нэхъ мащІэу Сбербанкым жеІэ - езыр-езыру лэжьапІэр къэзыгъэнэнухэри щыІэнущ.

- ПСОМ я пресс-гъэсэнкІэ щІэнущ иджыпстукІэ лэжьакІуэ зыІуэмыІ ІэнатІэхэр, - къыдгуригъэІуащ Сбербанкым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и Іэтащхьэ Кибинэ Ириня. - Дауи, езыр-езыру ІукІыжхэр, нэгъуэщІ лэжьапІэ увхэр, пенсэм кІуэхэр щыІэнущ.

Кризис лъэхъэнэм нэгъуэщІ лэжьапІэ уэзрыувыфыну щыкІэр Сбербанкым къыщыбгурагъаІуэркъым. Псалъэм къыдэкІуэу жыгІэнщи, 2009 гъэм ІэнатІэхэр зэрагъэмэщІэнур щІэдзапІэу аращ. Сбербанкым и мурадщ ильэситхум кьриубыдэу къэралым щиІэ и лэжьакІуэхэм и Іыхьэ пІанэр кІэриГъэхуну. АбыкІэ дапхуэдиз мылъку кьыдагъэхуэнуми, ар дэнэ яхьыну- дауи, кьыбжаІэркъым.

- А бжыгъэхэр диІэщ, ауэ хэІущІыІу тщІыркъым, - пещэ Кибинэ Ириня.

ЗэхуэхЫныгъэхэр ялъэІэсащ топ-менеджерхэми. Правленэм къыхагъэкІащ цІыхубгъу. Ауэ ахэр щІэтхьэусыхэм щыІэкъым. Банкым щаІыгъа къулыкъу лъагэхэр абыхэм къахуэнащ, правленэм зэрыхэмытыжым папщІэ къахэхъуэр тІэкІу нэхъ мащІэ хъуну араща. Фигу къэдгъэкІыжынщи, нэгъабэ Сбербанкым и топ-менеджер 23-м сом мелардым нэсяІэрыхьащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ - дэтхэнэ зыми сом мелуан 41-рэ.

Сыт Сбербанкым и лэжьакІуэхэр зэрригъэмащІэм къытхуихьынур? Абы и щхьэгъубжэм чэзуи пэнльэу щыт цІыхухэм я бжыгъэр нэхъыбэж хъуну ара?

БЕЛЯКОВ Евгений.
«Московскій комсомолец».

●Упщіэ - жэуап

Куржым и ціэр ихъуэжрэ?

Куржым нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министрыр иджыблагъэ Японием щыІэу лъэІуауэ зэхэскащ урысхэр къызэрелжэ «Грузиеэ-р дяпэкІэ къамыгъэсэбэлу «Джорджие» псалъэр зэрагъэщІэну. Сыт къыджефІафыну абы теухуауэ?

- А щІыналъэм «Иверие»-кІэ нэхъапэм Урысейм щеджэу щытащ, - къыдгуригъэІуащ Стратегическэ къэхутэныгъэхэмкІэ Урысей институтым СНГ-м хьихьэ къэралхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Скаков Александр. - Иджыпсту къагъэсэбэн Грузие, Джорджие, нэгъуэщІ фІэщыгъэпІэхэр кьыщыхъуэр иужькІэщ икІи абыхэм я лъабжьэр зы псалъэщ. Ауэ ар ГериегкъымикІи Джорджиекъым, атІэ Гурджистанщ - ныбжьэгъуэ а щІыналъэм еджэу щытащ къэжьрэхэмрэ тыркуэхэмрэ.

Куржыхэм ягу темыхуэр Грузие фІэщыгъэпІэр Урыс империем къыІэрыщІежьарауэ ЯкІэ ІэнатІэкІынщ. Ардыдэр, урысым икІри, яноныбзэм кІуащ. Инджылызыбзэм ІыУрылъ къэралхэм щыжаІэр Джорджиещ. Езыхэр я къэралыгъуэм зэреджэжыр Сакартвелощ. Куржыбзэр зэбдзэкІыжмэ, картвел лъэпкъхэм я щІыналъэ жиІэу къоКІ.

«Аргументы и факты».

●Прапорщикыр зауэлІхэм яхольадэ

Прапорщикыр зауэлІхэм яхольадэ

ДОН ІУС РОСТОВ. ***Ростов областым уголовнэ Іуэху кьыщаІэтащ, зауэлІ колоннэм автомобилкІэ зэрыяльэдам кьыхэкІыу. Цыхуитхум фэбжь хьэлъэ яГуэтащ нкІи УФ-м и МВД-м и Къэралкіуэщ дзэм и госпиталым яшащ.***

Нэщіэбжьэр Новочеркасск къалэм щхьэт пщыхьэщхьэм къыщыхьуащ. «Жигули» автомобилыр хэльэдащ зыгъэсэныгъэм къикІыж зауэлІ колоннэм. Прокуратурэм зэхэгъэкІсэлэтхэм я ГъащІэмрэ узыншагъэмрэ хъума хъун папщІэ, частым и унафэщІхэм я къалэнхэр зэрагъэзэщІа щыкІэр.

Колоннэм хэльэда «Жигулим» дэсари зауэлІщ. Ар Къэралкіуэщ дзэм и частхэм ящыщ щым и прапорщикщ.

●Ищэ щІынаІъэм щыхъыбарэр

Іэдакъэщ Іэкіэхэм, яфІЭІэфІу зыІуагъэхуащ лезгин шхыныгъуэхэр.

Сабий зеиншэхэм зыщІагъакъуэ

ОСЕТИЕ ИЩХЪЭРЭ-АЛАНИЕ. ***Республикэм и бюджетым кьыхэкІыу сом мелуанитху сабий зеиншэхэм зыщІэсын унэ кьыхуащэхуэн папщІэ хуаутІыпІащ.***

Осетие Ищхъэрэ-Аланием лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Гасиевэ Жаннэ зэрыжиІамкІэ, а мылькур хуахакащ Ардон куейм щыщ сабийхэм. Абыхэм пэш зырызу тху кьыхуащэхунущ. ЗэкъуэшитІ зэгъуэсу щІэсынущ.

Лезгинхэм я лъэпкъ махуэшхуэ

КРАСНОДАР. ***Къалэм и жылагъуэ-хъыбарегъащІэ центрым лезгинхэм я Сувар Яран лъэпкъ махуэшхуэр щагъэлъэпІащ.***

Дагъыстаным щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, хабзэм, зэхэтыкІэм теухуа хьэлэмэт куэд кьащІащ Краснодар щыпсэуэхэрэ абы и хьэщІэхэмрэ. Псоми ягу ирихьащ абыхэм я пащхьэм зыкьыщызыгъэгъуа «Лезгинстан» ансамблыр. Хэгъэрейхэм яфІэкъэлэмэту зыщагъэгъуэзащ лъэпкъ Іэпщіэльапщіэхэм я Къэралкіуэщ дзэм и частхэм ящыщ щым и прапорщикщ.

Къозыту, птезыхьж

ДАГЪЫСТАН. ***«Жигули» автомашинэр Хасавюрт и деж кьыщагъэувыІэри, абы пса Шагадэ кьуажэм и курыт еджапІэм и директорым сом мин 220-м щІигъу кьытрахащ.***

Мыгувэу гурыщхьуэ хуащІри, хабзэхъумэжым яубыдащ егъэджэныгъэмкІэ куейм и управленэм и бухгалтер нэхъыщхьэр. Іуэхур зэхагъэкІ.

●Ливие

Ливием и Іэтащхьэ Каддафи Муамар игу къыщІыхэщтыкІын щыІэкъым - и щхьэхъуэм тхьэІухудэм сыт хуэдэ шынагъуэрэ щхьэщахьнущ.

●Тхыдэ гъунэгъу

СССР-р НАТО-м хыхьэфынут

Илъэс 60 ипэкІэ, 1949 гъэм и мэлыжьыхьым, Кьухъэпіэм и къэрал 12-м Североатлантическэ зэгурыІуныгъэ зэращылІащ. Апхуэдэу дунейм кьытехьащ НАТО блокыр.

АСПИРАНТУ ГЪЭМ сыщцезыгъаджэ профессорым зэгуэрым и кандидат лэжьыгъэр «хихьэ» зэрыпэтам и гугъу кьыхсхунщІыжащ. 50 гъэхэм и пэщІэдзэм абы диссертацэ игъэхъэзырат НАТО блокыр зауэм хуэунатІауэ зэрыщыстым ехьэлІауэ. ИкІи си егъэджакІуэм и лжьыгъэр псыхэкІуэдэ зыщІ пэта Іуэхутрэ 1954 гъэм гъатхэпэм и 31-м кьэхуащ. Совет Правительствэм кьухъэпІэ къэралхэм зэхуигъэзащ СССР-р НАТО-м хэгъэхьыным хэпІынэу.

«Североатлантическэ зэгурыІуныгъэмкІэ кьызэрагъэпэща гупыр зауэ хуэУхуэщІэу щытынутэкъым, Европэм и адрей къэралхэри хьихьну хуит хьунут. Абы и фІыгъэкІэ, псори щыынатІуныгъэ псэунут икІи ди зэхуэдэ мамырыгъэр гъэбыдэныжкІэ мыхьэнэшхуэ иІынут», - апхуэдэ тегъащІапІэхэр иІэт совет зыхуэгъэзэныгъэм.

А жэрдэмыр кьаэзрыщІыхуар кьэпщІэн папщІэ, кьэпльыгъэн хуейщ а лъэхъэнэ -зауэ щыІэм- и гуащІэгъуэу зэрыщытар. Сталиныр зэрыпГэрэ Куэд зэрыдэмыкІар, корей зауэр зэрируха кьудейр. 1949 гъэм, Североатлантическэ зэгурыІуныгъэм Іэ зэрытрадзэу, Совет правительствэм зэбгригъэха меморандумым кьыщыгъэпэгъуат Питлер и бин коалицэм хэта кьэралыгъуэ инхэм ящыщу зэгурыІуныгъэм хамыгъэхьар СССР-м щизаІэкъуэкІэ, ар Совет Союзым пщІэт гупу зэрыщытыныр. А псом яужькІэ совет сэлэтхэр НАТО-м и ныпым щІэувэну кьызыщыгъэхуэгъуат...

Арщхьэкіэ, совет жэрдэмым адэкІэ зиужьакъым. Американцэмрэ ныджылызэмрэ кьащыхьуащ зауэ блокыр зэхакъутэн папщІэ, ар коммунистхэм кьагупсыса хьилагъэу. Сытми, 1954 гъэм накъыгъэм и 7-м США-мрэ Великобританиемрэ официальнэу кьыжаІащ НАТО-м кьызыгъэсу СССР-м кьыхилъхьа жэрдэмыр зэрыдамыІыгъыр.

КуэдкІэ нэхъ хьэлэмэтыжхэр кьэхъащ 90 гъэхэм. СССР-р зэ хэщІащІкъым и пэкІэ 1991 гъэм и кІэуэным Брюксель щыІэ ди лЫкІуэм хэІущІыІу ищІащ Урысейр НАТО-м хьихьну иджыпстуи упщІэ игъэувыну хьэзыру Ельцин зэрыжиІар. Кьухъэпіэм ар тельыджэ кьащыщыхъуащ. Абы и ужькІэ Ельцин епсэльжауэ кьыщІэкІынущ - Іуэхур апхуэдэу щымытауэ кьыжаІэжащ. Къэхъуар машинисткэм и яГъэ ящІащ, тхыгъэр щытридзэм псалъэтІ-щы дигъэхуауэ трапъхьэри. ЖаІэну хуеяр нэгъуэщІ хуэдэт: «Мэзкуу иджыпсту хьэзыркъым НАТО-м хьихьэнымкІэ упщІэ игъэувыну-. Сытми Іуэхур трапъэфэжащ.

Апхуэдэу ямышІами нэхъыфІынкІэ хьунт. Кьызыщыдгъэзгъэхьут Урысейр НАТО-м хьихьауэ. Ар зауэ блок пъэщ дыдэу кьыщІидзынут, псоми и щынагъуэншагъэр кьыщыгъэгъэпэщауэ. Хьэлэмэтщ, итІанэ Жраинэмрэ Кур жьымрэ абы хьихьэну апхуэдизу щІэкъуну пІэрэт?!

НАТО-м зиубгъу зэпытщ. Кьэралыгъуэ 12 хэту кьежьар иджы 26-м нэсащ, мыгувэу нэхъыбжэн хьунущ. Мыкуэдыіуэ пІэрэ? Апхуэдизэ кьэралыгъуэр зэбгъэдэІуэнуи, зэщІэбгъэуІуэнуи тыншкъым. Ауэ ахэр псори зы Іуэхутхъэм зэрепх. Ящэ зэхьхьахэм Совет Союзыр, иджыпрейхэм Урысейр ящэ яГъэ ятьагъуэкъым.

ЯШЛАВСКИЙ Андрей.
«Московский комсомолец».

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ХЬЭТАУ Исламщ.

●Юбилей

Зи мыІуэху зезыхуэм...

Хрущев Никитэ къыІэзэрэлъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу

«ГЪАЩІЭМ И НЭЩЭНЭ» тхылъыр зи кьалэмыпэм кьыщІэкІа авиаконструктор щІэрыІуэ Яковлев Александр и тхылъым мыпхуэдизкІэ зыгъэщІэгъуэн хуиІ: «1964 гъэм и бжьыхьэпэм Мэзкуу и аэродромхэм ящыщ щым кьхъэльатэхэм я еплъыныгъэ щекІуэкІыт. Абы къэкІуат правительствэм хэ этажэр, генералхэр, Хрущев Никитэ я пашэу. Псоми еплъурэ, ахэр си деж кьэсащ. Хрущев «Як»-хэр зэпиплъыхьри, и нэщхьэкІэ зэхуэкІауэ зыкьыскъуигъэхащ:

- Уэ тхылъ птхыу жаІэри...

Жэуап щэмытыжым, пищащ: - Уэ, уюнструктор хьэмэрэ утхакІуэ? - Адэкіи кьыстритхъуэу щІидзащ: - Пионерхэми уаІуащ си гугъащ... Сыт абыхэми уи Іуэхуу яхэльыр... Сэ, псалъэм и хьэтыркІэ, си мыІуэху зесхуэмэ, лэжьапІэм сытрахунущ...».

Апхуэдэ дыдэуи кьэхъуащ 1964 гъэм жэпуэтъуэм и 14-м. КПСС-м и ЦК-м и Пленумым, мыхъумыщІатъу зэхэщІыхьар кьиныкъуэрэ, илъэс 11-м щІигъукІэ ди къэралышхуэр зезыхьа, нэхьапэми кьулыкъущхуэ куэд зыщыгъа Хрущев Никитэ лэжьапІэм трихуащ.

НтІэ, хэт хьуну а зи гугъу тщІыр?

1894 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м Хрущев Сергей и мэкъумэшыщІэ унагъуэм кьыщалъхуащ, цІыуу Никитэ фІащащ. ЩІалэ цІыкІуу Іэхъуэ-шыхъуэу щІидзащ. Тэкіу кьызэрыкъэпхьыІу, Донбасс и шахтэхэм щылъжьэну кІуащ. Ильэс 15-м иту слесарь хьуащ. Комсомолым, иужькІэ партым хьыхьащ. ЩІэныгъэшхуэ бгъэдэмыльмы, и жьыжэрагъым кьыхэкІыу, парт ІэнатІэм щыдэкІуейуэ щІидзащ. Зэрылажьэм хуэдэуэ, 1929 гъэм Промакадемиер кьиучащ, ВКП(б)-м и Украинэ ЦК-м и кьудамэхэм ящыщ зыр и Іэмыщ Іэ иралъхьащ.

Мыгувэу Хрущев Никитэ Мэзкуу яшэ, кьалащхьэм и парт орган зыбжанэми щолажьэ. Сталин Иосиф иригъэкІуэкІ политикэм хуабжьу и гелъхьэу зыкъеГъэлъагъуэ икІи 1935 гъэм ар хах ВКП(б)-м и кьалащхьэ комитетым и япэ секретарь кьулыкъушхуэм. Ар илъэсищкІэ ирихьэкІау э, Жраинэм яГъэкІуэжащ, абы и КП(б)-м и ЦК-м и япэ секретару, Украинэм и правит ельствэм и Іэтащхьэуи щытащ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм фронт зыбжанэм я Зауэ советым хэтащ. 1949 гъэм кьыщыщІэдзауэ ар партым и �цК-м и секретарщ икІи МГК-м и япэ секретарщ. Сталиныр ЛІа нэужь, 1953 гъэм и фокедэм КПСС-м и ЦК-м и япэ секретару хаха щ, 1958 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщІу яГъэуащ. 1939 гъэм кьыщыщІэдзауэ партым и Политбюром хэтащ.

Хрущев Никитэ къэрал лЫщхьэ хъуа нэужь, хьарэзыну кьыщІидзат. СССР-м щыщыІэ тКІиягъэр нэхъ кьиГъэщэбат, зэхэзэ хуэныгъэр нэхъ мащІэ ищІат. Зауэ зэманым зи лъаэм ирашауэ щыта лъэпкъхэр (балькьэрхэр, кьэрэшейхэр, ингушэр, щэшэнхэр, кьалмыкъхэр, кьрым тэтэрхэр, нэгъуэщІхэр) щалъхуэ я щІыналъэм яГъэзэжьну хуит ищІыжат. Абы партым и ХХ съе дзем Хрущев Никитэ и гъащІэм хэльа нЫкъуэсаныгъэхэр кьыщІэтащ, ахэр гъэкІуэдыжьыкІмкІи зыкъом лэжьын хуеяуэ кьиГъэуващ. Ауэ езым ящІэ лъэІуу. Ар Украинэм и унафэщІу зэрагъакІуэу я Іуэхум пищащ. ЩІэныгъэщІ цІыху мин 20 иригъэуКІыну арэзыныгъэ кьратыну.

Властыр Іэрыхьа нэужь, Хрущев зэхэщІыхьар нэхъыбжэщ. Кьэралыр зыкІи зыхуэмей совнархозэхэр кьыхэзгъэпэщащ, цІыхухэу щылажьэ ту, ауэ зэфІагъэкІыщ. Я щымыІэу, Партым и кьыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэу щыта рабочэмрэ мэкъумэшыщІэмрэ я зэкъуэтынныгъэр гъэбыдэныр зэтрикъутащ, парт властыр тІуу э - промышленнэрэ мэкъумэшу зэкІэщІечри. Краснодарэ, зы областым обкому тІу щыІэт, я унафэ зыхэмыльу. Псом нэхърэ нэхъыкІэжырщи, кьуажэдэхэм я унагъуэ жэм закъуэ я нэгъунэ ятрихат. Хэкум гъавэу кьыщалъэжьыр нэхъыбэ ищІын мурадкІэ нарТыхуэ апхуэдизкІэ зэрратат, ар къэралым и щІыналъэ нэхъ щІыІэхэми щагъэжьІну япиубыдащ. Абы щхьэкІи езым щІыхьбэм «кукурузник» кьыфищыжат.

Зыри зыхимыщІыкІ Іуэхуэмэ куууэ хэІэбэрт. Псальэм и хьэтыркІэ, тхакІуэ эмэ, ф ур этщІэхэм, артистхэм, еджагъэшхуэхэм кьудрэ ящыхьэрт, ахэр игъэулыйрт, зэхэзэхуэн ищІырт.

КьэралщІым по литикэр зэІищІэу, дуней Іуэху щытыкІэр зэщІитапІэу щытащ Хрущев. Кьапщтэмэ, 1956 гъэм ди дзэр Венгриием иригъэхьащ, абы и унафэкІэ 1961 гъэм Берлин тІууэ зыгуэш блыныр яухуащ, 1962 гъэм Кариб фІэгъэнапІэ ищІри, ещанэ дуней псо зауэ кьигъэхъеиным зы мащІэщ иІэжар.

1962 гъэм Новочеркасск мамыру уэрамым кьыдыхьа цІыхухэр зэрызэтрригъэхуКІами С овет властым и пщІэр хуабжьу иригъэхуэхат. Абы апхуэдэу езым кьыдэлажьэу щыта куэд, зэхищыхьхэр зымыдэхэр, лъэныкъуэ зиужьын щІидзэжащ, цІыхухэм псэхугъуэ яГъуэтэжащ.

Совет Союзым и Лыхъужь (1964), щэнерэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь (1954, 1957,1961) Хрущев Никитэ 1971 гъэм дунейм ехьжащ.

УЭРЫШ Нурхьэлий.